

CHWAZI CHEMEN OU!

Gin 3 chemen prinsipal elèv yo ka pran apre lekòl segondè, selon objektif yo pou demin — edikasyon, sèvis piblik oswa travay.

EDIKASYON

Pwogram karyè ak edikasyon teknik (**career and technical education, CTE**) la ede elèv yo aprann konpetans ki nesèsè pou prepare yo pou yon karyè espesifik, tankou sekouris paramedik, mekanik avyon, konsepsyon dijital, asistan veterinè, kwizin, elatriye. Kolèj leta lokal oswa kolèj teknik yo ofri sètifika pou kalite travay sa yo.

Elèv yo ka resevwa yon **diplòm nan 2 lane** (associate's degree), ki ka ede yo devlope yon pakèt konesans ki ka prepare elèv yo pou yon karyè oswa edikasyon pou pi devan. Diplòm 2 lane nan domèn tankou swen sante oswa teknoloji enfòmatrik / syans enfòmatrik ka prepare elèv yo pou travay nan domèn espesifik.

Elèv yo ka gen **diplòm nan 4 lane** (bachelor's degree) pou prepare yo pou travay nan domèn tankou jeni komèsyal ak ansèyman. Yo kapab kontinye pou **lekòl siperyè** pou karyè nan medsin, dwa oswa lòt domèn. Pou yo ka satisfè egzijans pou diplòm 4 lane a, elèv yo pral devlope konesans laj ki ka rann li pi fasil pou yo chanje karyè apre yon tan.

SÈVIS PIBLIK

Anpil elèv enskri nan **militè**, kote yo ka resevwa fòmasyon regilye pou travay espesifik ki ka vin tounen travay sivil. Epitou, yo pral gen opsyon pou yo retounen nan lekòl pita ak avantaj GI Bill yo.

Elèv yo ka chwazi pou yo fè yon **pwogram sèvis** ki pèmèt yo eksplore interè yo. Òganizasyon tankou AmeriCorps pèmèt yo touche lajan pou kolèj gras a aktivite sèvis piblik. Minm AmeriCorps yo ka patisipe nan pwogram sèvis piblik tankou netwayaj dezaz, kay bati, ak lòt kalite travay.

TRAVAY

Apre lekòl segondè, elèv yo gen opsyon pou yo kòmanse **travay** . Pou ogmante potansyèl pou yo touche, yo ta dwe konsidere eksplore **pwogram aprantisaj**, ki bay fòmasyon ak edikasyon nan travay la pandan yap touche yon salè.